"ÚZLIKSIZ BILIMLENDIRIW SISTEMASÍNDA ARALÍQTAN OQÍTÍWDÍŃ INTEGRACIYASÍ"
atamasındağı V Xalıqaralıq ilimiy-teoriyalıq konferenciya

# NAQÍL-MAQALLARDÍŃ KÓRKEM-ESTETIKALÍQ WAZÍYPALARÍ

**Jiemuratova Feruza Erejepovna**
*Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı doktorantı*

DOI https://doi.org/10.5281/zenodo.15079518

***Annotaciya:*** *Bul teziste qaraqalpaq xalıq naqıl-maqallardıń kórkem-estetikalıq wazıypaları haqqında bayan etiledi. Bunda aytılğan hár bir pikir mısallar menen dálillenedi.*

***Tayanısh sózler:*** *Folklor, naqıl-maqal, kórkemlilik, estetika, etika, milliylik.*

Folklorlıq dóretpeler ulıwma xalıqlıq mádeniyattıń quramlıq bólegi bolıp, xalıq hám milletlerdiń qáliplesiwi, ruwxıy zárúrliklerdiń qanaatlandırılıwında, joqarılawında úlken áhmiyetke iye. Xalıq awızeki dóretpeleriniń kishi janrı, xalqımız ruwxıy kóz qaraslarınıń baylığı esaplanğan naqıl-maqallar óziniń hikmetli hám tereń mánileri menen uzaq jıllar dawamında adamlardı, ásirese jaslardı kámil insan dárejesinde tárbiyalawda úlken ról oynaydı. Naqıl-maqallar xalıqtıń kóp ásirlik turmıs tájiriybelerine tiykarlanğan, keleshek áwladqa úlgi bolarlıqtay moral normaları esaplanadı. Adamlar arasındağı ádep-ikramlılıq principleri, dúnyalıq kóz qarasları haqqında pikirlew zárúrligi naqıllardıń payda bolıwına sebep boladı. Naqıllardıń kólemi kishi hám ápiwayı bolsa da ondağı tereń mazmun, estetikalıq tásiri arqalı dıqqattı tartadı. «Naqıl-maqallar - qısqa, ıqshamlı, uyqasqan sózler dizgini menen juwmaqlasqan oylar dúrkinin ańlatatuğın, adamlardıń dúnyağa qatnasın boldıratuğın, keleshekke aqıl, násiyat, siltew beretuğın sózler». [2.167].

Xalıq awızeki dóretpeleri xalıqtıń mádeniy miyrası bolıp, onıń estetikalıq tárepleri pikirdiń ótkir tásirsheńliginde, ruwxıy qádiriyatlarında, kórkem súwretlew qurallarında kórinedi. Estetika xalıq awızeki dóretpeleriniń barlıq janrlarında – ertekler, naqıl-maqallar, dástanlar, ańız-ápsanalar hám qosıqlarda óz sáwleleniwin tapqan. Estetika turmısta hám jámiyette, tábiyatta hám adamnıń jeke ómirinde, ásirese onıń eń tiykarğı obyekti bolğan iskusstvoda sulıwlıq penen sulıw emeslikti, joqarı kóterińkilik penen páslikti, tragediyalıq jağdaylar menen komediyalıq jağdaylardıń sırlarınıń nede ekenin ashıp beredi. [3.112].

Naqıl-maqallar xalıq awızeki dóretpeleriniń eń eski hám hikmetli janrlarınıń biri bolıp, olardıń kórkem estetikalıq wazıypaları júdá keń hám mazmunlı. Olar adamlardı jaqsılıqqa, ádep-ikramlılıq qağıydalarına ámel etiwge shaqıradı. Tómende naqıl-maqallardıń tiykarğı kórkem-estetikalıq ózgeshelikleri haqqında aytıp ótemiz.

1. Shınlıqtı joqarı kórkem formada sáwlelendiriw ózgesheligi.

Xalıq awızeki dóretpeleri insannıń tárbiyalıq gózallığın, páziyletlerin ullılaydı. Naqıl-maqallar arqalı hadallıq, miynetkeshlik, insaniylıq principleri sińdiriledi.

Yaǵnıy, naqıl-maqallar qısqa, mazmunlı hám anıq sóz birlikleri arqalı tereń turmıslıq haqıyqattı ashıp beredi. Olar insandı hadallıq, páklik hám adalatlı bolıwǵa úndeydi. Mısalı:

Jalqaw qarap otırıp sharshaydı,
Erinshek etigine súrinedi.

Bul naqılda jalqawlıq, erinsheklik sınǵa alınsa,

Miynettiń kózin tapqan,
Baxıttıń ózin tabadı, - naqılı arqalı miynet súyiwshilik hám háreketsheńliktiń zárúrligin kórsetedi.

2. Obrazlılıq hám poetikalıq ózgeshelikleri. Naqıl-maqallarda belgili bir waqıyanı túsindiriw ya bayanlaw emes, al onnan júzege kelgen anıq, qısqa hám tujırımlı juwmaq áhmiyetli. Sonıń ushın da olarda konkret individual obraz, onıń basınan ótkergenleri emes, al bir-birine uqsas kóplegen waqıya-hádiyseler haqqında qısqa juwmaqları sáwlelenedi. [6.84]. Naqıl-maqallarda kóbinese janlı obrazlar, simvol hám kórkemlew quralları qollanıladı. Mısalı:

«Kóp jasaǵan emes, kópti kórgen biledi» naqılında turmıs tájiriybesiniń joqarılıǵı obrazlı tárizde súwretlengen.

«Jaqsı sóz – jan azıǵı» naqılında sózdiń ruwxıy tásiri janlandırılǵan.

«Dáryanı suw alsa úyrekke bir pul» maqalında átirapına biyparıq adamdı poetikalıq usıl arqalı awıspalı mánide kórkemlep jetkergen. Naqıl-maqallardı obrazlı tárizde ayqın sáwlelendiriw, mazmunın konkretlestiriw maqsetinde kórkem súwretlew qurallarınan ónimli paydalanıladı. Bul arqalı naqıllardıń estetikalıq tásiri ótkir boladı. Mısalı: «Awırıw emes, saw emes, minezdi qalay emleymiz». Bunda «minezdi emlew» metoforalıq súwretlew quralı qollanılǵan.

3. Qısqa hám ıqshamlılıq ózgesheligi. Naqıl-maqallar óziniń qısqa hám tujırımlılıǵı menen ajıralıp turadı. Folklortanıw iliminde kishi janrlardı paremiya dep ataw da qabıl etilgen. [5.25]. Bul olardı eslep qalıw hám kúndelik turmısta qollanıwdı ańsatlastıradı. Mısalı: «Jaqsı attıń tisin sanama, jaqsı adamnıń haslın sorama» naqılında ádep-ikramlıq normaları tásirsheń formada aytılǵan.

4. Didaktikalıq ózgeshelikleri. Naqıl-maqallar adamlardı tuwrı jolǵa baslaw, adamgershilik qaǵıydalarına ámel etiwge úndew formasında da xızmet etedı. «Jaqınıńa ótirik aytpa, jatqa sırıń aytpa» naqılı rásgóyliktiń áhmiyetin kórsetip tur. Sonıń menen birge insanlar arasındaǵı ózara húrmet hám sıylasıqqa shaqırıp, úgit-násiyat tárizinde eskertedi. Mısalı: «Úlkenge húrmet – kishige izzet» sıyaqlı.

5. Sın hám satiralıq wazıypaları. «Naqıllar dara adamnıń emes, jámáátlik pikirdi bildirip, túrli sıpatlardı, social baylanıstı, jámiyetlik moral normaların hám shártlerdi

jıynaqlap toplaydı. Naqıllar tolıq pikirdi mısal retinde bildirip aqıl aytıw menen pitedi». [1.156]. Demek, ayırım naqıl-maqallar jámiyettegi kemshiliklerdi sınlıq kóz qarastan ashıp beredi. Mıslaı: «Ǵarǵa ǵarǵanıń kózin shoqımas» naqılına adamlardıń bir-birine bolǵan kóre almawshılıq aqıbetinen kelip shıǵatuǵın unamsız jaǵdaylardı sın kóz qarastan bayan etken.

6. Etnikalıq hám milliylikti sáwlelendiriw wazıypası. Túrli dáwirlerde júzege kelgen siyasiy waqıyalar, mámleketler aralıq qatnasıqlar hám urıslar da naqıl maqallardıń payda bolıwına sebep bolǵan. Solay eken, naqıl-maqallar xalıqtıń turmıs tárizin, úrp-ádetlerin hám qádiryatların ózinde sáwlelendiredi. Bunda milliylik hám ulıwma insanıylıq ideyalar birigip estetikalıq tásir kúsheyedi.  Mısalı, qaraqalpaq xalqına tán bolǵan milliylikti «Keli túye almaǵan – úplewish, digirman tarta almaǵan – jelpiwish» naqılında kórsek boladı.

7. Uqsatıw hám salıstırıw ózgeshelikleri. Naqıl-maqallardıń bul wazıypası arqalı jaqsı-jaman, baxıtlı-baxıtsız sıyaqlı túrli turmıslıq jaǵdaylar, insanıylıq páziyletler hám tábiyat hádiyseleri arasındaǵı uqsaslıqlar salıstırılıp anıqlanadı. Mısalı, bir zat ya hádiyse, basqa zat yaki hádiysege uqsatıladı, bul bolsa pikirdi tásirli hám este qalarlıq qıladı.

Jaqsı adam ay menen kúnge teń,
Jarıǵı ortaq álemge.
Jaqsı adam ay menen quyashqa salıstırlǵan.
Jasta alǵan bilimiń,
Tasqa jazǵan xat penen teń.
Bunda háreket zat penen salıstırıp aytılǵan.
Áspeleklep suw ishken,
Zorıǵıp uw ishken menen teń.
Kisi qanday bolsa,
Isi de sonday boladı.

Bul eki naqılda bir hárekettıń ekinshi háreket penen salıstırılıwı arqalı estetikalıq tásirsheńlik ele de kúsheytilgen.

Naqıl-maqallarımızdıń xalıqlıq belgileri eń aldı menen jámiyetlik ómirge, jeke turmısqa hám adamlarǵa eń aldınǵı qatardaǵı, shın mánisindegi adamgershilik pikirlerdi sóz etiwi menen kórinedi. Qaraqalpaq xalqınıń naqıl-maqalların turmıstıń barlıq tarawların qamtıwı jaǵınan, bay tematika hám kórkem-estetikalıq ózgeshelikleri tárepinen biybaha ǵaziynemiz desek qátelespeymiz.

Ulıwma alǵanda, xalıq awızeki dóretpeleri estetikasınıń tiykarında obrazlılıq, kórkemlilik, ádep-ikramlılıq hám milliy qádiryatlar jatadı. Naqıl-maqallar tek ǵana

xalıq danalıǵın sáwlelendiriwshi hikmetler emes, al kórkemlik tárepten de tákirarlanbas dóretpeler bolıp, olardıń tásir kúshi hám estetikalıq bahası júdá joqarı.

**Ádebiyatlar:**


1. Даўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы, 2-том. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977.
2. Қарақалпақ фолклоры. 88-100 томлар. Нөкис: «Илим», 2015.
3. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. Нөкис: «Билим», 1996.
4. Мақсетов Қ. Қарақалпақ фольклорының эстетикасы. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1971.
5. Sulaymonov M. O’zbek folklori. Namangan: «Namangan», 2019.
6. Vafoev F. O’zbek tili va adabiyoti. №6, 2020-yil, 84-b.